



New Jersey Consortium for Immigrant Children

Gid Tribinal Imigrasyon nan New Jersey pou Jèn ak Fanmi yo

Se New Jersey Consortium for Immigrant Children (NJCIC) ki bay gid sa a, yon gwoup defansè k ap travay nan non timoun ak jèn imigran pou ede ak bezwen jiridik, edikatif ak sante. New Jersey State Bar Foundation ko-esponsorize gid sa a, epi li te posib atravè finansman nan men IOLTA Fund nan Tribinal New Jersey. Epitou, gid sa a posib gras ak de (2) benevòl ki nan rezo Catchafire: Vera Tong ki jere jefò pou desen yo, ansanm ak Danielle Josyle ki jere jefò pou tradiksyon yo. Enfòmasyon ki nan gid sa a jeneral epi li pa reprezante konsèy jiridik, epi li pa ranplase èd nan men yon avoka ki konnen egzakteman sa ki pase sou dosye w la.

Kontni

<u>Èske mwen bezwen ale nan Tribinal Imigrasyon?</u>	3
<u>Kilè mwen gen pou m ale nan Tribinal?</u>	4
<u>Fèy travay pou Odyans Tribinal</u>	5
<u>E si Nimewo A (A Number) mwen an pa nan sistèm telefòn imigrasyon an?</u>	6
<u>E si mwen te demenaje?</u>	6
<u>Lis verifikasyon pou si mwen demenaje</u>	12
<u>Ki dwa mwen genyen nan Tribinal Imigrasyon?</u>	13
<u>Kijan pou m jwenn yon Avoka ki Kalifye?</u>	13
<u>Kijan pou m ale nan Tribinal Imigrasyon nan Newark?</u>	14
<u>Kisa k ap pase nan Tribinal Imigrasyon?</u>	15
<u>Premye odyans tribinal imigrasyon (Master Calendar Hearings)</u>	15
<u>Odyans Endividyèl (Individual Hearing)</u>	15
<u>Ak kisa Tribinal Imigrasyon an sanble?</u>	15
<u>Antanke yon timoun ki pa gen moun ki akonpaye l, èske y ap decide sou ka mwen an nan Tribinal?</u>	16
<u>E si m pa kalifye pou Estati Jiridik?</u>	16
<u>Lòt Resous</u>	16

Èske mwen bezwen ale nan Tribinal Imigrasyon?

Yo ka pase nenpòt moun ki anndan peyi Etazini ki pa gen estati imigrasyon jiridik lè pou ale nan tribinal imigrasyon pou yon odyans. Rezon odyans lan se pou yon jij deside si imigran an gen yon fason pou l jwenn estati imigrasyon legal nan peyi Etazini, oswa si pa gen fason pou sa. Yo rele sa yon **odyans pou depòtasyon**.

Se pa tout timoun ki fèk rive nan Etazini ki pral gen pou ale nan tribinal imigrasyon, sa depann si gouvènman an te kòmanse yon ka depòtasyon aktif.

Seksyon sa a pral eksplike dokiman ou te ka resevwa lè ou te vin Etazini epi kijan pou w konnen si pou w ale nan tribinal imigrasyon.

Avi pou Konparèt (Notice to Appear, NTA)

Si yo te detni w lè w te rive Etazini, gouvènman an ka kòmanse yon ka nan tribinal imigrasyon pou “depòte” oswa “retire” w nan peyi Etazini. Premye etap la se ba ou oswa voye pa kourye pou ou yon “Avi pou Konparèt” oswa (“NTA” pou pi kout nan lang anglè) avèk:

- 1** Nimewo A (A-Number) ou a - yon nimewo 9 oswa 10 chif ki se sèlman pou ou ki idantifye w nan pwosesis imigrasyon
- 2** Rezon ki fè gouvènman an te kòmanse yon ka depòtasyon kont ou, tankou si w pa yon sitwayen Etazini epi w pa t gen pèmisyon pou antre nan Etazini.
- 3** Lwa gouvènman an repwoche ou te vyole yo
- 4** Dèfw, NTA a ap gen adrès tribinal la ansanm ak dat ak lè ou dwe ale a. Si NTA a pa gen enfòmasyon sa a, w ap resevwa yon lòt fèy papye ki gen enfòmasyon sa a ki rele “Avi pou Odyans – Notice of Hearing” (gade yon egzant nan paj 4).

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

U.S. Department of Homeland Security **Notice to Appear**

In removal proceedings under section 240 of the Immigration and Nationality Act:

Subject ID: _____ FINS: _____ File No: _____ **1**
DOB: _____ Event No: _____

In the Matter of: _____

Respondent: _____ currently residing at: _____

(Number, street, city and ZIP code) (Area code and phone number)

1. You are an arriving alien.
 2. You are an alien present in the United States who has not been admitted or paroled.
 3. You have been admitted to the United States, but are removable for the reasons stated below.

The Department of Homeland Security alleges that you:

2

3

This notice is being issued after an asylum officer has found that the respondent has demonstrated a credible fear of persecution or torture.
 Section 235(b)(1) order was vacated pursuant to: 8CFR 208.30(f)(2) 8CFR 235.3(b)(5)(iv)

YOU ARE ORDERED to appear before an immigration judge of the United States Department of Justice at:

4 _____
(Complete Address of Immigration Court, including Room Number, if any)

on _____ at _____ to show why you should not be removed from the United States based on the
(Date) (Time)

charge(s) set forth above. _____
(Signature and Title of Issuing Officer)

Date: _____
(City and State)

See reverse for important information Form I-862 (Rev. 08/01/07)

Egzant Avi pou Konparèt

Konsèy

Fè yon kopi oswa eskane tout dokiman imigrasyon ou genyen yo epi bay yon moun ou fè konfyans kopi yo, nan ka ou ta pèdi kopi orijinal yo.

Kilè mwen gen pou m ale nan Tribinal?

Li enpòtan anpil pou w ale nan tribinal imigrasyon nan dat ak lè odyans ou an, menm si ou pa gen yon avoka.

Si w pa prezante w nan odyans ou a, yon Jij Imigrasyon ka pase lòd pou w kite Etazini. Sa a ka fè l pi difisil pou aplike pou estati jiridik alavni. Sa a vle di tou si yon ofisye imigrasyon kenbe w, yo ka mete w nan prizon epi depòte w sòti peyi Etazini.

Tribinal la kapab chanje dat odyans ou a nenpòt moman, kidonk ou dwe pran tout etap sa yo pou asire w ou enfòm:



1. Asire w tribinal la ak avoka gouvènman an gen bon adrès kourye ou a epi pou w tcheke kourye w chak tan.



E si mwen te demenaje? Gade paj 6.



2. Rele 1-800-898-7180 **YON FWA PA SEMÈN!**
(TDD: 1-800-828-1120)

- Peze **1** pou anglè.
- Antre **A-number** ou a lè sistèm nan di w fè sa.
- Peze **1** pou konfime A-number ou a. Si A-number ou a aktif, sistèm nan ap li non w pou ou.
- Peze **1** si sistèm nan te li bon non an pou ou.
- Annaprè sistèm nan ap konfime pwochen dat odyans ou a ak ki kote l ap fèt.
- Si w te antre yon move A-number, peze **2** nenpòt moman pou antre l ankò.

Egzanp Avi pou Odyans

NOTICE OF HEARING IN REMOVAL PROCEEDINGS
IMMIGRATION COURT
970 BROAD STREET
NEWARK, NJ 07102

LEAD FILE: **1** _____
RE: _____
DATE: **2** _____

TO: _____

3 Please take notice that the above captioned case has been scheduled for a **4**
Master/Individual Hearing before the Immigration Court on _____
at _____ at _____
970 Broad St, Newark, NJ 07102 **6**

5 You may be represented in these proceedings, at no expense to the
Government, by an attorney or other individual who is authorized and qualified
to represent you.

- | | |
|---------------------|-------------------------|
| 1 A-number | 4 Dat odyans |
| 2 Dat Jodi a | 5 Lè odyans |
| 3 Tip odyans | 6 Adrès tribinal |

Q&A

Kesyon: Poukisa pou mwen rele yon fwa pa semèn?

Repons: Gen de fwa, gen pwoblèm epi yo p ap voye yon avi sou yon odyans pou ou pa kourye. Pa egzanp, si tribinal la te fè yon erè, oswa si w te bliye ba yo nouvo adrès ou a. Menmsi tribinal la te fè yon erè, l ap difisil pou montre se te fòt yo.

Enpòtan!

Si w gen yon avi sou papye ki gen yon dat espesifik pou ale nan tribinal, ou dwe ale nan tribinal nan jou sa a, menmsi ou pa ka jwenn enfòmasyon sou ka w la atravè telefòn Tribinal Imigrasyon an oswa sou sistèm sou entènèt yo.

Fèy Travay sou Odyans Tribinal

Konsèy:

Enprime epi ranpli fèy travay sa a pou asire w ou pare pou odyans tribinal ou a.

- A-number mwen an se:
- Nimewo telefòn pou m jwenn dat odyans mwen an:
- Dènye fwa mwen te rele:
- Dat pwochen odyans nan Tribinal Imigrasyon:
- Adrès pwochen odyans nan Tribinal Imigrasyon:
- Dat mwen te antre nan Etazini:
- Lèt nòt:

E si A-number mwen an pa nan Sistèm Telefòn Imigrasyon an?

Si w te rele nimewo 1-800 epi li di w pa gen okenn dosye ak nimewo w la nan sistèm nan, li posib gouvènman an pa ko voye NTA ou a nan tribinal imigrasyon an. **Yo ka voye l pwochènman, kidonk se pou w kontinye tcheke A-number ou a yon fwa pa semèn.**

Epitou, li posib pou yo pa janm voye NTA ou a epi yo p ap kòmanse okenn dosye kont ou nan tribinal. **Menmsi ou pa gen yon ka nan tribinal imigrasyon, li toujou posib pou aplike pou estati jiridik ou kalifye a.** Nou pral eksplike mwayen ou kapab kalifye pou estati jiridik nan pwochen seksyon nan gid sa a.

E si mwen te demenaje?

Li enpòtan anpil pou fè tribinal imigrasyon an ak avoka gouvènman an konnen si w demenaje.

Ou dwe chanje adrès ou nan espas senk (5) jou aprè w fin anmenaje nan nouvo adrès ou a (sa pa gen samdi ak dimanch ladann). Menmsi plis pase senk (5) jou gentan pase depi w te demenaje a, ou dwe voye fòmilè a ale pi bonè w kapab.

Si w gen lòt manm fanmi ki gen ka imigrasyon, yo chak dwe soumèt yon fòmilè apa.

Revize tout etap anba yo anvan ou ale nan biwo lapòs la pou w ka voye pa kourye tout fòmilè yo sèl kou ansanm. Gen divès etap ou kapab pran sa depann de nan ki etap ou ye nan pwosesis imigrasyon an epi ki kote ou te ye anvan w te demenaje a:

A

Si dosye imigran tribinal ou a **GENTAN** nan New Jersey:
Gade paj 7

B

OSWA

Si dosye imigran tribinal ou a **DEYÒ** New Jersey:
Gade paj 8

EPI

C*

Si w gen yon **APLIKASYON ANNATANT** pou azil, Estati Espesyal Imigran Minè (Special Immigrant Juvenile Status), Viza U/T oswa Pèmi Travay: **Gade paj 12.**

Konsèy:

*Ou PA bezwen fè **C** si sa pa aplike ak ou menm.

Konsèy:

Si w nan Tribinal Imigrasyon pou yon odyans, dèfw gen atelye pou bay enfòmasyon epi ede w chanje adrès ou. Asire w pou mande si gen nenpòt atelye y ap òganize nan jou ou ale nan tribinal la.

E si mwen te demenaje? (suit)

A Dosye Tribinal Imigrasyon mwen an GENTAN NAN New Jersey

Voye yon Fòmilè Chanjman Adrès pa Kourye (Change of Address Form, EOIR-33) bay Tribinal Imigrasyon ak ICE:

Etap 1. Telechaje [Fòmilè Chanjman Adrès la](#) (EOIR-33) sou sitwèb tribinal Newark, New Jersey. Voye fòmilè sa a bay Tribinal Imigrasyon ak ICE.

Etap 2. Ranpli tout kaz yo ak:

- 1 Non w
- 2 A-Number ou a
- 3 Ansyen adrès ou
- 4 Nouvo adrès ou
- 5 Siyati w (Si w gen 14 lane oswa pi gran, ou dwe siyen fòmilè a pou tèt ou. Si w gen pi ba pase 14 lane, paran w oswa gadyen w dwe siyen pou ou).
- 6 Dat jodi a

Etap 3. Nan seksyon ki anba paj la, “Prèv Sèvis”, ou dwe siyen non w pou di w dakò ou pral voye yon chanjman adrès tou bay avoka gouvènman an.

- 7 Non
- 8 Dat jodi a
- 9 Ekri adrès biwo ICE ki nan menm vil ansanm ak Tribinal Imigrasyon an kote w ap voye chanjman adrès la. Ou kapab jwenn adrès biwo ICE yo [LA A](#).
- 10 Siyati

Etap 4. Fè kat (4) kopi fòmilè a

Etap 5. Voye pa kourye yon kopi fòmilè a bay tribinal imigrasyon nan Newark, New Jersey. Ou kapab jwenn adrès la [LA A](#).

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

Etap 6. Voye pa kourye yon kopi fòmilè a bay avoka gouvènman an nan biwo ICE nan Newark, New Jersey. Ou kapab jwenn adrès la [LA A](#).

Etap 7. Si w kapab, itilize “Kourye Sètifye” (Certified Mail) (anwivon \$10). Si w pa ka ale nan yon biwo lapòs oswa pa kapab peye pou Kourye Sètifye, pa gen pwoblèm pou itilize yon tenm nòm.

Etap 8. Asire w ou kenbe pou piti yon kopi tout fòmilè yo pou dosye pa w. Si w pa gen yon machin fotokopi, ou kapab fè foto yo oswa eskane yo ak yon telefòn.

Etap 9. Si w te itilize Kourye Sètifye, ou kapab chèche prèv ki montre yo te delivre fòmilè ou yo, pou sa w ap tcheke nimewo atik Kourye Sètifye a [LA A](#).

The image shows a sample of the EOIR-33/IC Change of Address Form with numbered callouts 1 through 10. The form is titled "Change of Address Form" and includes a declaration section and a "PROOF OF SERVICE" section. The numbered callouts are: 1. Name - Last, First, Middle, Suffix (if applicable); 2. A-Number; 3. My FORMER address and phone number were: "in care of" other person (if any); Number, Street, Apartment (if any); City, State, and ZIP code; Country (if other than U.S.); Phone Number (include country code if other than U.S.); Email Address; 4. My CURRENT address and phone number are: "in care of" other person (if any); Number, Street, Apartment (if any); City, State, and ZIP code; Country (if other than U.S.); Phone Number (include country code if other than U.S.); Email Address; 5. SIGN HERE (Signature); 6. Date; 7. I, (Name); 8. provided a copy of this Change of Address Form on, (date) to the Office of the Principal Legal Advisor for DHS Immigration and Customs Enforcement-ICE at; 9. (Indicate if electronic/email service, or in-person or mail service (provide Number and Street, City, State, ZIP Code)); 10. SIGN HERE (Signature). The form is dated February 2022.

Egzanp Fòmilè Chanjman Adrès (EOIR-33)

Konsèy:

Verifye ou te byen ekri tout bagay epi w te ekri yo kòrèkteman.

E si mwen te demenaje? (suit)

B Dosye Tribinal Imigrasyon mwen an DEYÒ New Jersey

Pat 1: Voye pa kourye yon Fòmilè Chanjman Adrès (EOIR-33) bay Tribinal Imigrasyon ak ICE:

Etap 1. Telechaje [Fòmilè Chanjman Adrès](#) (EOIR-33) a sou sitwèb tribinal la pou vil ak eta kote yo te asiye dosye tribinal imigrasyon ou a depi nan kòmansman an.

Etap 2. Suiv etap 2-4 ki nan paj 7 nan gid sa a.

Etap 3. Voye pa kourye yon (1) kopi fòmilè a bay tribinal imigrasyon pou vil ak eta kote yo te asiye dosye tribinal imigrasyon ou a depi nan kòmansman an. Ou ka chèche adrès la [L.A.A.](#)

Etap 4. Voye pa kourye yon (1) fòmilè a bay avoka gouvènman nan biwo ICE nan vil ak eta kote yo te asiye dosye tribinal imigrasyon ou a depi nan kòmansman an. Ou kapab chèche adrès la [L.A.A.](#)

Etap 5. Suiv etap 7-9 nan paj 7 nan gid sa a.

Pat 2: Voye yon Mosyon pou Chanje Adrès Tribinal (Motion to Change Venue) bay Tribinal Imigrasyon ak ICE ki nan eta kote w te ye a.

Enpòtan!

Isi w te demenaje ale New Jersey soti nan yon lòt eta, se pou w ranpli pati 1 an ak pati 2 a. Ou dwe ranpli pati 2 a an anglè.

Si w pa voye ni Mosyon pou Chanje Adrès Tribinal ANSANM AK fomilè Chanjman Adrès (EOIR-33) la, y ap toujou kontinye voye avi pou ou pou w ale nan tribinal ki nan ansyen kote w te rete a, menmsi li lwen. Sa enpòtan paske si w pa ale nan yon odyans, menmsi li nan vil kote w te rete, yo ka pase lòd pou depòte w pou w kite Etazini menmsi w pa rete la ankò.

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

Etap 6. Telechaje yon Mosyon pou Chanje Adrès Tribinal [L.A.A.](#)

Etap 7. Refere ak egzanp Mosyon, Òdonans ak Sètifika Sèvis ki nan paj 8-10 (anba a) pou ede w ranpli egzanp Mosyon pou Chanje Adrès Tribinal ou fèk telechaje a.

NAME _____ 1 _____ Non-Detained
ADDRESS _____

UNITED STATES DEPARTMENT OF JUSTICE
EXECUTIVE OFFICE OF IMMIGRATION REVIEW
IMMIGRATION COURT
CITY AND STATE: _____ 2 _____

In the Matter of _____)
_____)
NAME _____ 3 _____) File No. A _____ 4 _____
_____)
In removal proceedings _____)
_____)

Immigration Judge _____ 5 _____ Next Hearing Date: _____ 6 _____

UNACCOMPANIED CHILD

Egzanp paj kouvèti Mosyon

Etap 8. Paj kouvèti yon Mosyon

- 1 Non ak adrès aktyèl
- 2 Vil ak eta ansyen tribinal imigrasyon kote w t ap viv anvan an
- 3 Non
- 4 A-Number
- 5 Non Jij Imigrasyon
- 6 Dat pwochen odyans ou a (si w konnen l)

E si mwen te demenaje? (suit)

B (suit)

UNITED STATES DEPARTMENT OF JUSTICE
EXECUTIVE OFFICE FOR IMMIGRATION REVIEW
IMMIGRATION COURT

CITY AND STATE **12** _____

In the Matter of: Name **13** _____ A Number: **14** _____
JUVENILE

ORDER OF THE IMMIGRATION JUDGE

Upon consideration of the Respondent's Motion for [_____], it is HEREBY ORDERED that the motion to withdraw as counsel be **GRANTED / DENIED** because:

- DHS does not oppose the motion.
- The respondent does not oppose the motion.
- A response to the motion has not been filed with the court.
- Good cause has been established for the motion.
- The court agrees with the reasons stated in the opposition to the motion.
- The motion is untimely per _____.
- Other: _____

Deadlines:

- The application(s) for relief must be filed by _____.
- The respondent must comply with DHS biometrics instructions by _____.

Step 10. Òdonans

Egzanp twazyèm paj Òdonans

Yo mete Òdonans lan pou fè l pi fasil pou Jij Imigrasyon an apwouve demann ou a.

12 Adrès vil ak eta ansyen tribinal ou a

13 Non

14 A-Number

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

CERTIFICATE OF SERVICE

I, NAME **15** _____, certify that on DATE **16** _____, I served a copy of this Motion to Change Venue and its attachments on DHS/ICE, Office of Chief Counsel, (ADDRESS OF ICE IN CITY AND STATE WHERE YOUR CASE WAS PREVIOUSLY): **17** _____

[ADDRESSES CAN BE FOUND HERE: <https://www.ice.gov/contact/legal>.]

NAME **18** _____
DATE _____

Egzanp Sètifika Sèvis

Step 11. Sètifika Sèvis

15 Non

16 Dat

17 Vil ak Eta biwo lokal ICE ki konekte ak ansyen tribinal la, ou kapab jwenn yo [L A A](#).

18 Siyati ak dat

E si mwen te demenaje? (suit)

B (suit)

Etap 12. Mete prèv nouvo adrès ou a

Pou montre ou te demenaje, w ap bezwen yon dokiman oswa yon lèt nan men yon moun pou montre nouvo adrès ou a. Asire w dokiman sa a gen non w ak adrès ou sou li. Ou ka itilize:

- Fakti sèvis piblik
- Papyè lwaye
- Yon lèt oswa prèv enskripsyon nan lekòl

Si w pa gen yon dokiman ki montre kote w ap viv, ou ka itilize yon dokiman oswa lèt nan men yon moun k ap viv avè w nan nouvo adrès ou a (tankou fakti sèvis piblik, papyè lwaye oswa lèt dokiman ki gen non w ak adrès ou), epitou ou kapab mete yon kopi idantifikasyon moun nan ladann.

Etap 13. Mete yon kopi Fòm Chanjman Adrès (EOIR-33) la ou te renpli a nan Pati 1 (Paj 8).

Etap 14. Revize tout enfòmasyon yo ak swen pou asire w yo kòrèk.

Etap 15. Fè (3) twa kopi Mosyon pou chanje adrès tribinal ansanm ak dokiman ou genyen ki ale avè l yo:

- Kopi Fòmilè Chanjman Adrès (EOIR-33)
- Prèv nouvo adrès

Etap 16. Voye pakè Mosyon an pa lapòs bay tribinal imigrasyon kote dosye w la te ye anvan w te demenaje a. Ou kapab jwenn adrès la nan pwochen paj la: <https://www.justice.gov/eoir/immigration-court-administrative-control-list>. Klike sou lyen an ansanm ak non vil kote tribinal la ye a.

Etap 17. Voye pakè Mosyon an pa lapòs bay biwo ICE kote dosye w la te ye anvan w te demenaje a. Ou kapab jwenn adrès avoka gouvènman an nan [LA A](#).

Etap 18. Kenbe yon kopi pakè Mosyon an pou dosye pa w.

Etap 19. Si w te itilize Kourye Sètifye, ou kapab gade pou jwenn prèv yo te delivre fòmilè w yo, w ap tcheke nimewo atik Kourye Sètifye a [LA A](#).

Konsèy:

Si w kapab, voye pa lapòs fòmilè yo atravè “Kourye Sètifye” (Anviwon \$10) pou w ka gen prèv ou te voye fòmilè yo. Si w pa kapab ale nan yon biwo lapòs oswa pa kapab peye Kourye Sètifye a, se pou w toujou voye fòmilè a ale ak yon tenm regilye.

Enpòtan!

Sonje pou w voye Mosyon pou Chanje Tribinal, Fòmilè Chanjman Adrès (EOIR-33) ansanm ak Prèv Nouvo Adrès bay menm tribinal imigrasyon kote dosye w la te ye anvan w te demenaje a. Pa voye yo bay nouvo tribinal imigrasyon an!

E si mwen te demenaje? (suit)

C Mwen gen yon aplikasyon ANNATANT pou azil, Viza Espesyal pou Imigran Minè, Viza U/T oswa Pèmi Travay

Chanje Adrès ou devan USCIS – POU APLIKASYON KI ANNATANT SÈLMAN.

Si w gentan gen yon aplikasyon annatant devan USCIS pou azil, Viza Espesyal pou Imigran Minè, Viza U/T oswa Pèmi Travay, ou dwe chanje adrès ou pou aplikasyon sa yo tou. Voye yon avi bay tribinal la p ap aktyalize adrès ou sou aplikasyon ki annatant yo.

Etap 1. Ou kapab chanje adrès ou a sou entènèt [LA A](#). W ap bezwen yon kopi resi avi pou aplikasyon ki annatant yo.

Etap 2. Suiv enstriksyon pou enprime paj konfimasyon an pou dosye w oswa fè yon kopi fòmilè yo te voye pa imèl pou ou a.

Etap 3. Epitou, ou kapab voye pa lapòs yon Fòmilè Chanjman Adrès (AR-11), pou sa w ap telechaje epi suiv enstriksyon yo [LA A](#).

Konsèy:

Aplikan visa U/T **PA KAPAB** chanje adrès yo a sou entènèt epi se pou yo enprime epi voye pa lapòs fòmilè fizik la nan adrès pou moun ki viktim krim, ou kapab jwenn li LA a, w ap chwazi **“Viktim Vyolans Domestik, Trafik Moun ak Lòt Krim,” (Victims of Domestic Violence, Trafficking, and Other Crimes an anglè)** [LA A](#).

Si mwen te demenaje – Lis verifikasyon:

A Dosye Tribinal Imigrasyon an mwen an GENTAN nan New Jersey

Soumèt EOIR-33, “Chanjman Adrès / Enfòmasyon Kontak”

Voye pa lapòs kopi EOIR-33 bay avoka gouvènman yo nan ICE

OSWA

B Dosye Tribinal Imigrasyon mwen an DEYÒ New Jersey

Soumèt EOIR-33, “Chanjman Adrès / Enfòmasyon Kontak”

Voye pa lapòs kopi EOIR-33 bay avoka gouvènman yo nan ICE

Voye yon Mosyon Chanjman Adrès Tribinal bay ansyen tribinal imigrasyon

Fè avoka gouvènman nan ICE konnen sou Mosyon mwen an soy Chanjman Adrès Tribinal la

AK

C Si m gen yon Aplikasyon ANNATANT pou azil, Viza Espesyal pou Imigran Minè, Viza U/T oswa Pèmi Travay

Soumèt AR-11, “Kat Chanjman Adrès” (Alien's Change of Address Card an anglè) bay USCIS

Ki Dwa mwen Genyen nan Tribinal Imigrasyon?



Ou gen dwa pou goumen kont depòtasyon w, epi pou mande ki kalite estati jiridik ou kapab kalifye pou li a, tankou azil oswa Estati Espesyal pou Imigran Minè.



Ou gen dwa pou gen yon tradiktè nan tribinal imigrasyon nan lang ou pito a.



Ou gen dwa pou gen yon avoka pou reprezante w nan tribinal imigrasyon, men se ou ki gen pou chèche yon avoka gratis oswa anlwaye youn pou ede w.



Sèlman yon Jij Imigrasyon ki kapab pran yon desizyon pou depòte w. Avoka gouvènman an pa kapab pran desizyon an. Sèvis Imigrasyon ak Ladwān (Immigration and Customs Enforcement (ICE) pa kapab pran desizyon an.

Kijan pou mwen jwenn yon Avoka ki Kalifye?

NJCIC gen yon liy akèy pou refere timoun ki pa gen moun ki akonpaye yo ansanm ak jèn ki nan pwosesis depòtasyon san paran yo pou jwenn asistans jiridik gratis.

Ou kapab rele liy akèy la nan: **(201) 305-9217**

Oswa ou kapab ranpli yon fòmilè sou entènèt [L.A.A.](#)

Malerezman, pa gen ase avoka gratis nan New Jersey pou ede chak grenn timoun ki bezwen yon avoka, kidonk tan atant pou jwenn yon referans nan men NJCIC long. Si w te gentan gen yon entèvyou avè nou epi w sou lis atant nou an, nou rekòmande pou w toujou eseye jwenn yon avoka gratis epi kenbe yon dosye sou apèl ou te fè yo.

[Klike la pou tounen nan Tab Kontni an](#)

Ou kapab jwenn yon lis biwo ki bay asistans jiridik gratis nan New Jersey [L.A.A.](#)

Si w pa kapab jwenn yon avoka gratis, epi ou menm oswa moun k ap pran swen w lan ta deside peye yon avoka pou ede w, asire w moun sa a gen yon lisans pou l ka egzèse antanke avoka epi chèche konnen si avoka a gen bon repitasyon ki montre l se yon bon travayè epi l onèt. Gen defwa, moun yo kapab di yo se avoka pandan yo pa sa vre, oswa kapab depoze yon dosye jis pou yo ka fè lajan an, menm si pa gen okenn fason pou genyen ka a.

Si w rankontre ak yon avoka epi w ap poze tèt ou kesyon si pou w anlwaye l, ou kapab poze l kesyon tankou:

- Èske mwen ka wè prèv ou gen yon lisans pou egzèse lalwa?
- Sou konbyen ka ki menmjan ak pa m nan ou te travay deja epi kisa ki te pase?
- Èske w panse mwen gen yon dosye ki fò? Poukisa?
- Èske l ap difisil pou genyen dosye mwen an? Poukisa?

Yon avoka ki kalifye:

- p ap fè w pwomès touswit sou kisa ki pral pase nan dosye w la
- ap eksplike diferan chwa ou genyen, l ap itilize mo w ap konprann, epi nan lang ou oswa ak yon entèprèt
- ap mande w sa w vle fè epi suiv desizyon w
- ap rezive dokiman ki nan dosye w yo epi eksplike w yo
- ap bay kopi dokiman ki enpòtan nan dosye w la
- ap kenbe kontak avè w pou kapab di w sa k ap pase

Ou kapab toujou poze avoka a kesyon ou genyen sou dosye w la, epi ou dwe toujou fè yo konnen si w pa konprann yon bagay.


Konsèy:

NOTÈ PA AVOKA NAN PEYI ETAZINI! Yon moun ki di li se yon “notè/notary” oswa “notario” pa yon avoka epi li pa kapab depoze yon dosye pou ou. Moun ki kapab ede w nan dosye imigrasyon w lan dwe se yon avoka oswa ap travay ak yon avoka, espesyalman si w ap peye yo lajan.

Kijan pou mwen ale nan Tribinal Imigrasyon nan Newark?

Adrès la se 970 Broad Street, Room 1200.

Li 20 minit a pye sòti nan Estasyon Newark Penn



Prepare w pou kanpe nan yon liy ki long pou antre nan tribinal la. Rive byen bonè. Sa kapab yon èdtan oswa PLIS.

W ap gen pou pase nan sekirite, pa pote anyen yo kapab konsidere tankou yon zam, tankou espre pwav/pepper spray.

Byen abiye w kòm si w ta prale nan yon evènman oswa legliz. Men pa enkyete w, ou pa oblije mete rad fòmèl. Sa k pi enpòtan an se konnen ou prale nan yon odyans, nenpòt sa ou ta mete a!

Kisa k ap pase nan Tribinal Imigrasyon an?

Gen de (2) differan tip odyans nan tribinal imigrasyon.

1. Premye odyans tribinal imigrasyon (Master Calendar Hearings)

Sa yo se odyans ki kout, pi fasil yo konn 15 minit oswa pi piti. Jij Imigrasyon an ap poze w kesyon bazik tankou non w, kilès ki nan odyans lan avè w, kibò w rete epi si w lekòl toujou. Jij la dwe di w kèk nan dwa w genyen nan pwosesis imigrasyon an. Jeneralman, ou konn gen plis pase youn (1) nan tip odyans kout sa yo.

Se yon avoka nan ICE k ap reprezante gouvènman an nan tribinal la (Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn).

Se yon opòtinite pou w di Jij Imigrasyon an pou ki rezon ou panse yo ta dwe pèmèt ou rete Ozetazini, tankou laperèz ou genyen pou tounen nan peyi w te fèt la oswa yon paran t ap maltrete w oswa te abandone w.

Ou ka mande Jij Imigrasyon an plis tan pou jwenn yon avoka. Si se pa premye odyans tribinal ou, se pou w prepare pou di Jij Imigrasyon an ki etap ou te pran depi dènye odyans ou an pou jwenn youn. Ou dwe kenbe yon dosye sou konbyen èdtan ou te pase epi kilès ou te rele pou te chèche yon avoka, pou w kapab fè jij la konnen sa. (Gade seksyon sou Kijan pou mwenn jwenn yon Avoka ki Kalifye?).

Nan fen premye odyans tribinal la, Jij Imigrasyon an ap ba w yon papye ki gen dat pwochen lè pou tounen nan tribinal.


2. Odyans Endividyèl

Odyans sa yo long, 2 jiska 4 èdtan, epi yo ka pa ko pwograme yo jiska yon (1) lane oswa plis, aprè premye odyans tribinal la.

Jij Imigrasyon an ansanm ak avoka gouvènman an pral poze yon pil kesyon ki detaye.

Sa a se dènye chans pou konvenk jij la pou li ta ba ou estati jiridik, kidonk w ap bezwen bay prèv pou sipòte ka w la. L ap vrèman ede w pou w gen yon avoka pou odyans endividyèl la. Avoka gouvènman an kapab ba w rezon ki fè yo pa dwe ba w estati jiridik. Jij Imigrasyon an ap pran desizyon an epi li p ap travay ak avoka gouvènman an.

Ak kisa Tribinal Imigrasyon an sanble?



Antanke yon Timoun ki pa gen Paran ki Akonpaye m, èske y ap deside sou ka mwen an nan Tribinal?

Nan plizyè ka, timoun ki te antre Ozetazini san paran yo ap gen aplikasyon yo pou estati jiridik, tankou azil oswa Estati Espesyal Imigran Minè kote se yon ajans ki rele Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (U.S. Citizenship and Immigration Services, USCIS) k ap deside men se pa yon Jij Imigrasyon.

Tribinal imigrasyon an ap pran yon poz oswa kapab dakò pou fini ak pwosesis nan tribinal la pou pèmèt USCIS deside sou aplikasyon an. USCIS se pa yon tribinal ki gen yon jij ak avoka gouvènman. Sa pral depann de tip ka a, kapab gen yon entèvyou ak yon ofisye imigrasyon, oswa yo kapab deside sèlman sou baz enfòmasyon ki nan aplikasyon an. Ou gen dwa pou gen yon avoka ki la pou entèvyou a. Si yo refize aplikasyon an, kidonk y ap voye ka a pou yon dènye odyans depòtasyon nan tribinal imigrasyon.

E si mwen pa Kalifye pou Estati Jiridik?

Premyèman, se pou w pale ak yon avoka epi revize pwochen pati ki nan gid sa pou konprann pi byen si w kapab kalifye pou estati jiridik oswa Estati Espesyal Imigran Minè.

Ou kapab fè yon demann devan avoka gouvènman an pou yo kapab dakò pou fèmen dosye a nan tribinal imigrasyon san pa gen okenn odyans, menm si w pa kalifye pou estati imigrasyon.

Yo rele [sa Pouvwa Diskresyonè Prokirè](#) a.

W ap pi rapid jwenn yon demann pou fèmen ka a si w:

- se yon timoun
- gen fanmi ki se sitwayen oswa rezidan legal Etazini
- gen yon pwoblèm medikal
- se yon elèv
- te viktim krim
- pa ko akize poutèt yon krim/pa gen yon kondanasyon penal

Pouvwa Diskresyonè Pwokirè a pa toujou disponib, sa depann de sa k ap pase ak sitiyasyon politik nan peyi Etazini. Tcheke sous fyab sou nouvèl sou imigrasyon, tankou gwoup sou dwa imigran, pou wè si opsyon sa a toujou disponib.

Lòt Resous

Pa bliye – ou pa pou kont ou nan vwayaj sa a!

Yo toujou ap aktyalize sitwèb NJCIC ak evènman k ap vini tankou atelye k ap kouvri yon varyete sijè imigrasyon. Ou kapab jwenn yo [LA A](#).

Ou kapab itilize [paj Resous](#) NJCIC pou jwenn bon jan enfòmasyon sou resous pou gadri pou timoun, lisans machin, dwa travayè, sante mantal, lwazi an fanmi epi plis ankò!

Klike la pou gade [GID NJCIC SOU ESTATI JÈN IMIGRAN ESPESYAL \(SPECIAL IMMIGRANT JUVENILE STATUS, SIJS\) AK SOU AZIL](#)